

5YÈM ANE

NIVO ELEMANTÈ

EGZAMEN SYANS SOSYAL

DEZYÈM LIV

KESYON KI BAZE SOU YON SERI DOKIMAN (DBQ)

16 NOVANM 2006

Non elèv la _____

Non lekòl la _____

Ekri non w ak non lekòl ou an lèt majiskil sou liy ki anwo yo.

Egzamen sa a gen twa pati. Jodi a w ap pran Twazyèm Pati egzamen an.

Twazyèm Pati a baze sou plizyè dokiman.

Seksyon A nan Twazyèm Pati a gen dokiman yo ladan li. Chak dokiman yo gen youn oswa plis pase yon kesyon apre yo. Ekri repons ou yo nan espas ki la pou sa nan ti liv sa a. Ou dwe sèvi ak repons ou bay pou kesyon yo, pou ede w ekri redaksyon an.

Seksyon B nan Twazyèm Pati a gen yon kesyon ki baze sou dokiman yo. Ekri repons pou kesyon sa a nan ti liv pou ekri repons ki apa a, koumanse depi nan premye paj la.

W ap gen inèdtan edmi pou w reponn kesyon ki nan Dezyèm Liv la epi ekri redaksyon ou an.

PINGA OU VIRE PAJ SA A TOUTOTAN YO POKO DI W VIRE L.

Twazyèm Pati

KESYON KI BAZE SOU YON SERI DOKIMAN

Esplikasyon: Travay yo mande w fè anba la a baze sou dokiman 1 jiska 7. Travay sa a yo mande w fè a, se pou teste kapasite w pou travay avèk dokiman istorik. Gade chak dokiman epi reponn kesyon an oswa kesyon yo apre chak dokiman. Sèvi avèk repons ou jwenn pou kesyon ou yo, pou ede w ekri redaksyon w lan.

Kontèks Istorik:

Pandan fen lane 1800 yo ak kòmansman lane 1900 yo, yo te anplwaye anpil timoun pou travay nan faktori ki pa peye byen. Souvan yo travay nan kondisyon ki danjere anpil.

Travay ou gen pou fè:

Pou Pati A a, li **chak** dokiman byen, epi reponn kesyon an oswa kesyon yo apre chak dokiman. Apre sa, li esplikasyon pou Pati B a, epi ekri redaksyon w lan.

Pou Pati B a, sèvi avèk repons ou yo pou kesyon nan Pati A, avèk enfòmasyon ki soti nan dokiman yo, epi ak konesans ou genyen nan syans sosyal pou w rive ekri yon redaksyon byen òganize nan mo pa w. Nan redaksyon ou lan, ou dwe

- Ekri sou kondisyon travay danjere timoun yo pandan fen lane 1800 yo ak kòmansman lane 1900 yo **epi** pale sou aksyon ki te pran pou amelyore lavi timoun travayè yo pandan peryòd sa a

Pati A

Kesyon ak Repons Kout

Eksplikasyon: Li chak dokiman epi reponn kesyon yo mande apre chak dokiman, nan plas yo kite pou ekri repons la.

Dokiman 1



Sous: Lewis Hine photograph

Gus Misuinas ak Catherine Hutt te travay nan yon faktori nan Filadelfi.


. . . Nan lane 1902, Catherine Hutt ki te gen 12 lane te ale travay nan yon faktori triko. Lè travay li sete “sòti 6:30 nan maten jiska si zè aswè” — menm pi long pase pa Gus yo. Lè li gen 14 lane, Catherine te chanje pou travay nan yon faktori papye. “Tout sa mwen te konn fè,” li di plizyè lane apre, lè la p dekri travay li, “sete plwaye pwent chak woulo pandan yo t ap sòti.” Èske li te renmen travay la? Prèske menm jan Gus te renmen job li: “Mwen te rayi li.” . . .

Sous: Stephen Currie, *We Have Marched Together*, Lerner Publications (adapte)

- 1 Jodi a, majorite moun travay wuit èd tan pa jou. Konpare ak jodi a, ki konklizyon ki kapab fèt sou kantite tan travay Catherine fè pa jou? [0.5]

Score

Dokiman 2



Sous: Lewis Hine photograph

. . . Ti gason yo te kòmanse fè travay retire bobin lè yo te gen setan oubyen pipiti. Sete travay yo pou retire bobin k ap vire yo lè yo te plen ak fil epi ranplase yo ak sa ki vid. Anpil jèn timoun sa yo te mache pye atè. Sa te pèmèt li pi fasil pou grenpe sou gwo machin yo pou yo jwenn bobin yo oubyen fil ki kase yo. Si yo pa te fè atansyon yo te kapab tonbe nan aparèy la k ap vire oubyen kwense ladan li. Kantite aksidan timoun k ap travay nan faktori yo fè te de fwa pi wo pase jan li te ye pou granmoun yo. . . .

Sous: Russell Freedman, *Kids at Work*, Scholastic

2a Dapre dokiman sa a, kisa ki kapab pase timoun yo pandan yo t ap travay sou machin sa yo? [0.5]

Score

b Dapre dokiman sa a, poukisa aksidan yo te fèt souvan nan plizyè faktori? [0.5]

Score

Dokiman 3

Danje Travay nan Faktori nan Eta New York nan lane 1880 yo

Non	Laj	Machin	Kòz aksidan an	Konsekans aksidan an
Rensselaer Rapp	14	Machin pou Koupe	Te kwense nan machin nan	Dwèt mitan an koupe
Stephen Morzkiwenz	15	Près a Kouran pou Koupe	Te eseye pran [retire] eten	Dwèt endèks yo moulen
Barney Skerritt	16	Machin pou devire materyèl	Rad li te kwense	Te mouri
Mary Moore	17	Machin pou pase	Te kwense nan machin nan	Blese epi brile nan bra
Charles Nichols	17	Machin pou vire materyèl	Rad te kwense	Kò li te foule gravman
Syble Filter	17	Machin pou lage bwat	Machin nan derape sanzatann	Dwèt koupe
Robert King	18	Machin santrifij	Machin nan eksploze	Te mouri
Ludwig Zandrokfski	19	Machin k ap kase boulon	Te glise	Pèdi 3 dwèt

Sous: Gray and Owens, *New York State: History Activities*, Glencoe/McGraw Hill (adapte)

3 Sèvi ak enfòmasyon nan tablo sa a, pou ekri **yon** deklarasyon jeneral sou kondisyon travay timoun yo nan lafen lane 1800 yo. [0.5]

Score

Dokiman 4

Deklarasyon sou Kondisyon Travay yo

. . . Timoun yo travay nan faktori koton yo kòm filè, moun k ap chanje bobin ak baleyè. Tifi yo te anplwaye kòm filèz. Yo monte desann koulwa long, bwose ti retay nan machin yo epi gade nan woulo oubyen bobin k ap vire yo pou yo wè si gen fil ki kase. Lè yon fil te kase, se pou yo te kole li touswuit pandan yo mare pwent yo ansanm. Yon filè kenbe sis oubyen wuit “bò” pandan l ap rale ranje long aks yo. Fòk li sou pye li prèske toutan, pou travay onz oubyen douz è de tan pa jou, si jou pa semèn. . . .

. . . Machin yo te tèlman fe bri, travayè yo te oblije rele pou yo te kapab tande yo nan bri [bri] a. Paske chalè ak imidite te ede anpeche fil koton yo kase, fenèt faktori a te toujou rete fèmen. Vapè lè cho a, te plen ak pousyè ak fatra ki te kouvri rad travayè yo epi te fè li difisil pou yo respire. Travayè faktori yo anpil fwa te konn genyen tibèkiloz, bwonch kwonik, ak lòt maladi respiratwa. Yon ti gason ki t ap travay nan yon faktori koton te gen mwatye chans pou rive laj 20 lane pase yon ti gason ki pa travay nan faktori. Tifi yo te gen mwens chans. . .

. . . Fè vit te yon lòt faktori ki te anplwaye milye ti gason nan djòb ki te di ak danjere. Majorite jèn sa yo te travay kòm asistan vantè yo nan chanm founèz ki travay vit yo. Chalè entans ak limyè klere founèz tou louvri yo, kote yo te kenbe vit la nan yon eta mou, te kapab lakòz pwoblèm nan zye, maladi nan poumon, twòp chalè, ak yon lis long pwoblèm medikal.

Tanperati vit ki mou a se 3,133 degre Fahrenheit. Tanperati nan faktori kote yo fè vit yo ant 100 ak 130 degre. Lafimen ak pousyè te nan lè a. Mòso vit plen atè a. Se pat yon etònman si blese ak boule te fèt anpil

Sous: Russell Freedman, *Kids at Work*, Scholastic

4 Bay **de** egzanp kondisyon travay danjere yo montre nan dokiman an. [0.5, 0.5]

(1) _____

Score

(2) _____

Score

Dokiman 5



So Federasyon Ameriken pou Travay wuit èd tan pa jou. Mo Laten yo vle di "Travay gen Laviktwa sou Tout Bagay."

Sous: *Samuel Gompers Papers*, University of Maryland

Samuel Gompers, yon lidè sendika, te òganize sendika nasyonal yo ak komite travay lokal yo ki gen misyon pou edike piblik la sou pwoblèm klas travayè yo. Yo te prepare lwa sou travay tou epi te kovenk Kongrè Etazini a pou aji sou li. Sòti 1881 pou rive 1886, Gompers te travay pou lwa ki te mande pou timoun prezan nan lekòl, fè timoun yo ale lekòl, epi mete kontwòl sou travay timoun ak wuit èd tan pa jou a.

5 Ki *de* bagay Samuel Gompers te vle pou Kongrè Etazini a fè? [0.5, 0.5]

(1) _____

Score

(2) _____

Score

Dokiman 6



Sous: Stephen Currie, *We Have Marched Together*, Lerner Publications

"Mè" Mary Jones te li sou kondisyon ak danje travay timoun . Li te òganize epi tou ankouraje timoun ak granmoun fè grèv.

6a Dapre foto sa a, kisa timoun yo ap mande? [0.5]

Score

b Site *de* fason Mary Jones te eseye amelyore kondisyon travay timoun yo. [0.5, 0.5]

(1) _____

Score

(2) _____

Score

Dokiman 7

Lwa Edikasyon Fòse

Lejislati Eta New York la te pase yon lwa nan lane 1874 ki fè konnen tout timoun ki gen laj pou ale lekòl dwe ale lekòl pou pipiti katòz semèn pa lane.

7 Kòman Lwa Edikasyon Fòse nan lane 1874 la te amelyore lavi timoun travayè yo? [0.5]

Score

FOR TEACHER USE ONLY

Total Part III A Score _____

Maximum Score is 6

Pati B

Redaksyon

Esplikasyon: Nan yon jan ou ka di sa ou menm, sèvi avèk enfòmasyon ki soti nan dokiman yo, avèk repons ou yo pou kesyon nan Pati A a, epi konesans ou genyen nan syans sosyal pou ekri yon redaksyon byen òganize.

Kontèks Istorik:

Pandan fen lane 1800 yo ak kòmansman lane 1900 yo, anpil timoun te anplwaye pou travay nan faktori ki pa peye byen . Souvan yo travay nan kondisyon ki danjere anpil

Travay ou gen pou fè:

Sèvi avèk enfòmasyon ki soti nan dokiman yo, epi avèk konesans ou genyen nan syans sosyal, pou ekri yon redaksyon kote ou

- Ekri sou kondisyon travay danjere timoun yo pandan fen lane 1800 yo ak kòmansman lane 1900 yo ***epi*** dekri aksyon ki te pran pou amelyore lavi timoun travayè yo pandan peryòd sa a

Nan redaksyon ou an, sonje

- Ekri sou kondisyon travay danjere timoun yo pandan fen lane 1800 yo ak kòmansman lane 1900 yo ***epi*** dekri aksyon ki te pran pou amelyore lavi timoun travayè yo pandan peryòd sa a.
- Mete yon entwodiksyon, bonjan eksplikasyon, ak yon konklizyon.
- Sèvi ak enfòmasyon ou jwenn nan *omwens kat* nan dokiman yo, pou repons ou a.
- Mete detay, egzanp, oswa rezon ki fè ou di sa w di yo.

FOR TEACHER USE ONLY

Total Part III B Score _____

Maximum Score is 4

Non: _____ Lekòl: _____

PAJ POU EKRI PLAN

Ou kapab ekri plan pou redaksyon w lan nan paj sa a, men sèlman pa ekri dènye redaksyon w nan la a. Sa ou ekri nan paj sa a **pa** pral konte pou dènye nòt ou a. Ekri dènye repons ou an nan tiliv separe pou repons redaksyon yo ba ou a.

Kòmanse ekri vèsyon final redaksyon ou lan nan ti liv yo ba w pou w fè redaksyon an.

FOR TEACHER USE ONLY

Part I Score (Maximum Score is 35)	
Part II Score (Maximum Score is 15)	
Part III A Score (Maximum Score is 6)	
Total Part I, II, and III A Score	
Part III B Essay Score (Maximum Score is 4)	
Final Score (obtained from conversion chart) Scaled 0–100	